Texas Immigration Law Council

ALÈT POU KOMINOTE A: KONDISYON POU ANREJISTREMAN ETRANJE

Depi 11 avril 2025, obligasyon enskripsyon pou moun ki pa sitwayen yo ap aplike! Li plis anba a pou w konnen sa sa ka vle di pou ou.

KISA K AP PASE?

Nan dat 25 fevriye 2025, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services , USCIS) te anonse plan pou kreye yon sistèm anrejistreman pou tout moun ki pa sitwayen ameriken. Sa a vini apre Dekrè Egzekitif Prezidan Trump nan dat 20 janvye, Pwoteje Pèp Ameriken an Kont Anvayisman ki te dirije ajans federal yo pou aplike lwa anrejistreman yo ki egziste deja pou moun ki pa sitwayen yo.

Dekrè Egzekitif la fè referans ak yon lwa 1940 ke yo rele Alien Registration Act (8 USC Seksyon 1302) ki egzije pou moun ki pa sitwayen ki gen plis pase 14 an ki te Ozetazini pou plis pase 30 jou pou yo anrejistre nan gouvènman an. Lwa sa a gen ladan l sanksyon posib pou bay amann ak jiska sis mwa nan prizon pou moun ki pa konfòme yo. Istorikman, paske sistèm imigrasyon an te chanje anpil depi premye lwa a te ekri, Lwa a te vin de fè l plis difisil pou moun respekte oswa aplike pandan tan ap pase.

Depi 11 avril, USCIS mete yon fòm sou entènèt (Fòm G-325R) ke moun ki pa sitwayen ka ranpli pou satisfè kondisyon enskripsyon yo.. Met sou enfòmasyon debaz sou moun yo, tankou non, dat nesans, nasyonalite ak enfòmasyon kontak, G-325R mande pou moun ki anrejistre yo bay enfòmasyon detaye sou fanmi yo, dosye imigrasyon yo ak dosye kriminèl yo.

Nou rekòmande pou moun ki pa sitwayen yo li tout esplikasyon sa a epi chèche lòt resous pou pran yon desizyon enfòme sou enskripsyon an. Si sa posib, li toujou konseye pou w al kot yon avoka imigrasyon paske chak ka diferan.

REZON KI FÈ SA ENPÒTAN

Gen plizyè rezon ki fè nouvo pwosesis anrejistreman an bay enkyetid:

- Efò pase gouvènman federal la fè te pou mande pou moun ki pa sitwayen yo enskri nan yon rejis te lakòz anpil rasis, separasyon fanmi, ak depòtasyon pandan y ap pa pwodui okenn avantaj sekirite piblik enpòtan.
- Nan Tegzas, moun yo deja konfonn sou kiyès ki gen pouvwa pou fè respekte lwa imigrasyon federal yo - lapolis eta a oswa ajan federal - akòz dènye chanjman nan politik yo. Sa fè li difisil pou imigran yo montre san pwoblèm y ap suiv lwa federal yo san yo pa riske pou yo arete yo dapre lwa eta Tegzas yo. Menm jan an tou, san anpil fòmasyon sou imigrasyon, lapolis eta ak lokal ap gen pwoblèm pou idantifye ki moun ki byen anrejistre
- Fòmilè G-325R mande enfòmasyon detaye sou dosye imigrasyon yon moun. Menmsi lwa federal egzije pifò imigran yo pou yo ranpli fòmilè a, fè sa poze gwo risk pou moun k ap viv Ozetazini san pèmisyon e fanmi yo, sa gen ladan l arestasyon, trennen moun nan lajistis, prizon, separasyon, ak depòtasyon.

PWEN ENPÒTAN POU KOMINOTE A

- Nenpòt moun ki gen enkyetid sou obligasyon yo ak risk yo dapre egzijans anrejistreman sa a ta dwe al wè yon avoka imigrasyon chak fwa sa posib pou konsèy pèsonalize.
- Nan moman an, USCIS konsidere kategori ki annapre yo ki pa sitwayen ameriken kòm moun ki deja konfòme yo ak kondisyon enskripsyon yo:
  - Rezidan pèmanan legal (moun ki gen yon kat rezidans),
  - Moun ki te antre Ozetazini ak yon viza, kat pou travèse fwontyè, oswa antre sou kondisyon,
  - moun ki gen dosye devan yon tribinal imigrasyon,
  - moun ki gen yon pèmi travay
  - moun ki te aplike pou rezidans pèmanan, kit li te bay o l oswa yo pa t bay o l.

Texas Immigration Law Council

ALÈT POU KOMINOTE A: KONDISYON POU ANREJISTREMAN ETRANJE

PWEN ENPÒTAN POU KOMINOTE A

- Dapre USCIS, moun ki **pa** an konfòmite ak egzijans enskripsyon yo nan moman an, e se pou rezon sa a, ap bezwen anrejistre, gen ladan yo:
  - moun ki prezan nan peyi Etazini ki te antre san pèmisyon.
  - moun ki te aplike pou avantaj imigrasyon, men yo pa t pran anprent yo EPI ki pa nan pwosesis pou yo voye yo ale. Sa ka gen ladan l kèk aplikan pou DACA, Estati Pwoteje Tanporè (TPS), viza imanitè, oswa azil pozitif.

- Rezidan pèmanan yo ta dwe kontinye pote kat vèt yo avèk yo toutan. Lòt moun ki pa sitwayen ak sitiyasyon imigrasyon aktyèl oswa ki annatant, oswa ki nan pwosedi depòtasyon aktif, ta dwe kenbe dokiman imigrasyon yo nan yon kote ki an sekirite, sof si avoka yo di otreman.

- Nenpòt moun **ki gen** aplikasyon ann atant pou avantaj imigrasyon kapab kreye kont sou entènèt ak USCIS pou asire yo y ap rete an konfòmite ak kondisyon enskripsyon yo si yo pa gen youn deja. Si w ta renmen kreye yon kont USCIS, ale sou: https://myaccount.uscis.gov/create-account.

- Nenpòt moun k ap viv Ozetazini **san** estati imigrasyon kounye a nan yon pozisyon trè difisil. Lwa federal mande pou yo ranpli epi voye Fòmilè G-325R, si se pa sa y ap fè fas ak gwo sanksyon. Sepandan, pataje enfòmasyon pèsonèl detaye ak otorite imigrasyon yo ka lakòz desizyon negatif sou aplikasyon imigrasyon alavni, aksyon ranfòsman tankou prizon ak depòtasyon, oswa menm dosye kriminèl pakse moun nan antre ilegal oswa antre yon lòt fwa yon fason ilegal.

- Moun ki pa sitwayen ameriken epi ki respekte egzijans enskripsyon yo toujou vilnerab a pouswit jidisyè anba lwa enskripsyon etranje si yo pa mete adrès yo ajou ak USCIS nan senk jou apre demenajman an. Si ou deja anrejistre, oubyen si ou konfòm ak egzijans enskripsyon yo, ou ka mete adrès ou ajou atravè kont USCIS ou a oubyen itilize kòd QR ki anba a pou jwenn aksè nan fòm chanjman adrès la.

Depi 11 avril 2025, obligasyon enskripsyon an antre an aplikasyon.